



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD REPONS KONTINI NEW YORK KONT PANDEMI COVID-19 LA,
GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSKRIPSYON LIB POU NOUYÒKÈ YO PWOLONJE
JISKA 31 MAS *Nouyòkè yo ka [aplike kounye a](#) pou kouvèti asirans atravè NY
State of Health oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo***

Nan mitan yon pandemi mondyal, asirans sante bon kalite pi enpòtan ke jamè

Nan kad repons kontini New York kont pandemi COVID-19 la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Peryòd Enskripsyon Lib (Open Enrollment Period) la pou Nouyòkè yo pral pwolonje jiska 31 janvye 2021. Nouyòkè yo kapab aplike pou kouvèti asirans atravè NY State of Health (Sante Eta New York), Mache Plan Sante Ofisyèl New York la (New York's Official Health Plan Marketplace) oswa atravè konpayi asirans yo.

"Asire ke tout Nouyòkè yo genyen aksè ak asirans sante esansyèl, non sèlman pandan nou ap konbat lagè kont COVID la, men tou ankouraje kominote ki pi an sante, pi rezilyan ak pi ekitab pandan nou ap rebati apre pandemi an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou pwolonje delè sa a jiska mwa mas la, Nouyòkè yo ki bezwen kouvèti asirans sante yo pral genyen tan anplis pou yo enskri epi pou yo jwenn plan ki mache pi byen pou yomenm ak fanmi yo."

Pwolonje Peryòd Enskripsyon Lib la jiska 31 mas 2021 an ede alinye New York avèk Ijans Sante Piblik (Public Health Emergency) federal la ke yo te pwolonje resaman jiska 20 avril 2021. Ekstansyon an ap bay moun ki elijib pou asirans Plan Sante ki Kalifye (Qualified Health Plan) yo tan anplis pou yo enskri pou kouvèti asirans an 2021 an epi sa vle di enskripsyon an rete ouvè pou tout pwogram Sante Eta NY yo, ki espesyalman enpòtan pandan ijans sante piblik ki ankou a. Dat kòmansman kouvèti asirans yo pral varye:

- **Enskri disi 15 fevriye: Kouvèti asirans ap kòmanse premye mas**
- **Enskri 15 mas: Kouvèti asirans ap kòmanse premye avril**
- **Enskri disi 31 mas: Kouvèti asirans ap kòmanse premye me**

Moun yo ki elijib pou pwogram Sante Eta NY yo - Medicaid, Essential Plan ak Child Health Plus - kapab enskri pandan tout ane a. Kòm dabitid, Nouyòkè yo kapab aplike pou kouvèti asirans atravè Sante Eta NY anliy nan nystateofhealth.ny.gov, pa telefòn nan 1-855-355-5777, ak lè yo konekte avèk yon moun pou ede nan enskripsyon an gratis.

Direktè Egzekitif Depatman Sante Eta New York la, Donna Frescatore, te deklare, "Pandemi COVID-19 la poko prèske fini api gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, ekstansyon sa a nan Peryòd Enskripsyon Lib la pral bay Nouyòkè yo tan anplis yo bezwen pou yo enskri nan kouvèti asirans lan. Pandan ke distribisyon vaksen an ap kontinye atravè Eta a, genyen aksè nan kouvèti asirans sante ki gen kalite, ki abòdab enpòtan pou moun rete an sante an 2021 an".

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap pwolonje peryòd enskripsyon an, sa ki bay Nouyòkè ki pa gen asirans yo yon lòt opòtinite pou enskri pou asirans sante ki gen bon jan kalite epi ki abòdab. Opòtinite sa a pou aksede ak mache asirans sante New York la enpòtan anpil pandan ijans sante piblik ki ankou an ak pandan efò pou vaksinasyon yo. Eta a ankouraje Nouyòkè ki pa gen asirans yo vizite Sante Eta NY epi enskri jodi a".

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans NY State of Health la pandan ijans COVID-19 la [isit la](#).

Ou ka jwenn enfòmasyon ak resous Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) la pandan ijans COVID-19 la [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)